



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PLATFÒM ANLIY GRATIS LA POU NOUYOKÈ YO
APRANN NOUVO KONPETANS TRAVAY, GENYEN SÈTIFIKA EPI PWOGRESE
NAN KARYÈ YO**

Nouyokè ki nan chomaj sou-anplwa yo ka gen aksè ak apeprè 4,000 kou anliy gratis ak pwogram sètifike sou Coursera

Kou yo konsantre sou sektè ki gen gwo kwasans ak anpil demann tankou fabrikasyon depwent, teknoloji, ak swen sante

Kont gratis yo disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon nouvo platfòm anliy k'ap pèmèt Nouyokè ki nan chomaj ak sou-anplwa yo k'ap siviv nan pandemi COVID-19 la pou aprann nouvo konpetans, genyen sètifika epi fè karyè yo pwogrese san peye. Nouvo zouti a ap bay aksè ak apeprè 4,000 pwogram anliy ki anseye pa pwofesè premye plan ak pwofesyonèl nan sektè yo sou Coursera, ak yon konsantrasyon sou sektè ki gen gwo kwasans ak demann tankou fabrikasyon depwent, teknoloji, ak swen sante, pami lòt yo.

"Lagè kont COVID-19 la se youn k'ap fèt sou plizyè fwon, epi pandan n'ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje sante Nouyokè yo, nou dwe pran mezi ki nesèsè tou pou rekonstui yon ekonomi ki solid," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo platfòm fòmasyon sa se ap faktè kle nan efò sa lè li asire Nouyokè ki nan chomaj ak sou-anplwa yo pa rete dèyè lè yo gen aksè nan resous ak fòmasyon yo bezwen pou retounen sou pye yo. Ke se pou pran yon kou resiklaj oswa aprann yon nouvo konpetans, mwen ankouraje tout Nouyokè ki nan bezwen, pou konsidere tire pwofi de pwogram gratis sa."

Yo bay nouvo òf kou yo atravè yon patenarya ant Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York ak Coursera, premye platfòm aprantisaj anliy nan mond lan. Patenarya a ap ekonomize plizyè milyon dola New York pandan pwochen lane yo pandan l'ap bay fòmasyon konpetans gratis pou Nouyokè yo. Nouyokè yo ka mande yon kont gratis sou [sitwèb](#) Depatman Travay la.

Apeprè 4,000 kou disponib atravè Coursera ki anseye pa pwofesè premye plan ak edikatè sektè yo epi kouvri sijè ki soti nan konpetans nan enjenyeri mekanik ak jesyon pwojè rive nan teknoloji ak syans done. Anpil nan pwogram sa yo bay yon pakou

sètifika pwofesyonèl ak lòt sètifika ki ka ede Nouyokè yo leve karyè yo oswa fè konpetisyon nan yon nouvo sektè.

Depatman Travay (Department of Labor) la ap travay ak pati ki enterese atravè eta a pou òganize kontni katalòg la pou reponn ak bezwen sektè ak bezwen rejyonal yo, pou moun k'ap chèche travay yo ka jwenn kou fasilman k'ap rann yo pi konpetitif pou pozisyon ki ouvè yo nan Eta New York.

Egzanp gam kou, pwogram ak sètifika pwofesyonèl varye ki disponib atravè Coursera se:

- Kijan pou jere yon ekip a distans
- Ekriti pou biznis
- Entwodiksyon nan Konsepsyon enjenyeri mekanik ak aprantisaj machin fabrikasyon
- Motè ak sikwi kòmand motè
- Konsepsyon jeneratif pou fabrikasyon aditif
- Aprann kijan pou aprann: Zouti mantal pisan pou ede ou metrize sijè ki difisil
- Maketing nan yon mond dijital
- Operasyon chèn apwovizyonman
- Espesyalizasyon syans done
- Jesyon pwojè
- Sekirite enfòmatrik
- Sètifika pwofesyonèl sipò enfòmatrik Google
- Biznis espesyalizasyon nan swen sante
- Newsyans medikal
- Mache finansye
- Maketing rezo sosyo Facebook
- Antreprenarya
- Entwodiksyon nan devlopman jwèt
- Lar negosyasyon
- Fondman pwogramasyon ak JavaScript, HTML ak CSS
- Entwodiksyon nan HTML5
- Devlope yon mantalite antreprenarya: Premye etap vè siksè
- Entwodiksyon nan devlopman App iOS

Ou ka gade katalòg konplè kou yo [isit la](#).

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

"Fòmasyon ak retansyon mendèv nou an enpòtan nan sa ki gen pou wè ak fè Nouyokè yo retounen travay. Nouvo kapasite ak konesans elaji yo ka bay plis pakou pou plis djòb epi ede divèsifye mendèv nou an -- ki bon pou travayè ak biznis yo alafwa. Depatman Travay Eta New York la ankouraje Nouyokè yo tire pwofi de opòtinite aprantisaj gratis sa lè yo anrejistre sou sitwèb nou an".

Eta a ap fè patenarya tou ak biznis ki baze nan New York yo pou ankouraje anplwaye yo itilize opòtinite aprantisaj gratis sa. Lè yo ofri konpetans ak fòmasyon siplemantè pou

anplwaye yo, anplwayè yo ka reponn ak bezwen k'ap chanje Mendèv New York nou an pandan ekonomi nou an kontinye ap rekonstui pi byen.

Pandan pandemi an, Coursera te ede plis pase 330 ajans gouvènman atravè 70 peyi ak 30 eta ak vil Etazini sipòte travayè ki afekte yo ak fòmasyon konpetans ki lye ak djòb. Depi lansman Inisyativ Rekiperasyon Mendèv Coursera a, plis pase 1 milyon travayè te enskri nan plis pase 7 milyon kou pou pran konpetans ki enpòtan anpil pou djòb alavni yo. Inisyativ Rekiperasyon Mendèv Coursera a fasone apre yon inisyativ reyisi konpayi an te lanse nan mas 2020, ki te ofri kou gratis pou plis pase 3,700 kolèj ak inivèsite ki te fèmen kanpis yo nan repons ak pandemi COVID-19 la. Nan sèlman sis semèn, inisyativ sa te lanse 6,400 pwogram pou 2,800 kolèj ak inivèsite toupatou nan mond lan, ki ede enskri 475,000 elèv ki te deplase nan 1.1 milyon kou.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)